bu kenn ci yeen yeewoo ci ay nelawam na fiiru ñatti yoon, ndaxte Saytaane day fanaan ci paxi bakkanam

Jële nañu ci Abuu Hurayrata yal na ko Yàlla dollee gërëm mu jële ci Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc mu wax ne: "bu kenn ci yeen yeewoo ci ay nelawam na fiiru ñatti yoon, ndaxte Saytaane day fanaan ci paxi bakkanam".

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc day ñaax ki yeewu ci ay nelawam mu fiiru ñatti yoon; fiiru mooy génne ndox mi ci bakkan bi ginnaaw ba ñu ko ca dugalee, loolu nag ndaxte Saytaane day fanaan ci paxi bakkan bi.

http://sunnah.global/hadeeth/wo/show/8377